

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh salasahiji pakakas ucap anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Minangka pakakas ucap, basa téh miboga fungsi pikeun alat komunikasi. Ieu pamanggih téh luyu jeung nu ditétélakeun ku Sudaryat (2004, kc. 6), yén basa nyaéta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis), tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Kridalaksana (dina Chaer, 2007, kc. 32) nétélakeun yén basa nyaéta sistem lambang sora anu arbitrér, anu dipaké ku para anggota kelompok sosial pikeun gawé bareng, komunikasi, jeung ngaidéndifikasi diri.

Prosés komunikasi basa dina enas-enasna mah nepikeun rasa, pikiran, jeung kahayang ti panyatur (*sender*) ka pamiarsa atawa pangregep (*receiver*). Sangkan éta amanat anu ditepikeun ka pamiarsa luyu jeung pamaksudan, pamaké basa diperedih sangkan bisa ngagunakeun basana kalawan bener tur merenah. Basa anu bener nyaéta basa nu dipakéna kukuh kana aturan atawa kaédah tata basa, sedengkeun basa anu merenah nyaéta basa anu keuna larapna atawa luyu kana kontéks situasi makéna (Sudaryat, spk., 2009, kc. 6).

Kaparigelan ngagunakeun basa hiji jalma mangrupa modal anu utama pikeun ngayakeun prosés komunikasi di masarakat. Hiji jalma disebut parigel ngagunakeun basana, saupama éta jalma geus bisa ngalarapkeun aturan-aturan atawa kaédah makéna basa.

Minangka alat komunikasi, basa Sunda miboga kalungguhan salaku basa daérah di Indonésia. Dina kalungguhanana salaku basa daérah, saperti anu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi (1) lambang kareueus masarakat Sunda, (2) lambang jatidiri (idéntitas) masarakat Sunda, (3) alat paguneman di lingkungan

kulawarga jeung masarakat Sunda, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di sakola dasar (SD) jeung di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonesia jeung pangajaran lianna, sarta (6) alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim dina Sudaryat, spk., 2009, kc. 2).

Kiwari, basa Sunda téh kaasup basa daérah anu masih dipiara tur dipaké ku masarakat. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda téh ditangtayungan ku pamaréntah. Bukti dipiarana basa Sunda ku pamaréntah nyaéta ku kaluarana Perda Provinsi Jawa Barat Nomer 5 Taun 2003, ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara, serta Petunjuk Pelaksanaannya*, anu eusina netepkeun basa daérah, kaasup basa Sunda, diajarkeun ti TK nepi ka SMA/SMK/MA/Sadarajat di Jawa Barat.

Pangajaran basa Sunda téh ngawengku opat aspék kaparigelan basa, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Tangtu baé, pikeun nyangkem éta kaparigelan basa téh kudu dibarung ku ngawasa élmu basana, sangkan pangajaran basa Sunda bisa kahontal sacara optimal.

Disawang tina adeganana, élmu basa téh dibagi kana tilu bagian, nyaéta (1) tata sora (fonologi), (2) tata basa (gramatik), jeung (3) tata harti (semantik). Tata sora maluruh perkara sora-sora basa anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa; tata basa dibagi dua bagian, nyaéta (1) tata wangun kecap (morfologi) maluruh morfém dina prosés ngawangun kecap, jeung (2) tata kalimah (sintaksis) maluruh adegan frasa, klausa, jeung kalimah; sarta tata harti (semantik) anu maluruh harti atawa ma'na basa (Sudaryat, 2010, kc. 9).

Adegan basa téh patali jeung kaédah basa. Kaédah basa dipaké ku panyatur ngarah basana bener tur merenah. Lamun makéna basa nyimpang tina kaédah, balukarna jadi salah.

Kasalahan makéna basa téh bisa lumangsung dina tataran fonologi, morfologi, sintaksis, jeung léksikon, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Ieu kasalahan téh bisa lumangsung balukar kurangna pangaweruh ngeunaan kaédah

basa, sakumaha anu disebutkeun ku Chomsky (1965) (dina Tarigan & Tarigan, 2011, kc. 127) salaku faktor kompetensi.

Nulis minangka salasihiji aspék tina opat kaparigelan basa, anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, jeung maca geus sakuduna dikawasa ku siswa. Éta kaparigelan nulis téh raket patalina jeung kaparigelan basa séjénna. Pikeun nyangkem kaparigelan nulis, ilaharna dimimitian ku prosés ngaregepkeun, nyarita, jeung maca, anu satuluyna diteruskeun kana kaparigelan nulis.

Nurutkeun Tarigan (2011, kc. 3), nulis mangrupa salasihiji kaparigelan basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis ogé bisa disebut minangka hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif. Tangtu baé, ieu kaparigelan nulis téh teu bisa dicangkem sacara otomatis, tapi kudu dibarung ku latihan, jeung parigel dina ngolah, sarta ngamangpaatkeun grafologi, struktur basa, jeung kandaga kecap sakumaha mistina.

Pikeun ngaréalisikeun kaparigelan nulis atawa ngarang bisa dina wujud rupa-rupa wacana, boh fiksi boh non-fiksi. Dina wujud naon waé, ngarang atawa nulis mangrupa hiji prosés kagiatan pikeun ngébréhkeun kereteg haté, pikiran, kahayang, atawa informasi dina wangun tinulis.

Dina prakna kagiatan nulis atawa ngarang, siswa diperedih mampuh ngagunakeun kaparigelan basana enggoning ngahontal karangan anu hadé. Kitu deui dina nulis karangan narasi, siswa kudu parigel dina milih, ngolah, jeung ngalarapkeun kecap anu merenah tur luyu jeung hartina, sarta nyusun karangan kalawan hadé.

Salian ti éta, Morsey (1976) (dina Tarigan, 2011, kc. 4) nétélakeun yén sangkan tulisan (karangan) urang bisa mangaruhan, méré informasi, ngadadarkeun, jeung ngagambarkeun ngeunaan hiji hal ka pamaca, hal anu kudu diperhatikeun nyaéta kamampuh sarta kaparigelan dina ngolah alur mikir, organisasi tulisan, makéna kandaga kecap (léksikon), jeung struktur kalimah.

Hanjakalna, niténan lumangsungna prosés pangajaran basa Sunda kiwari, hususna dina pangajaran nulis réa nimbulkeun pasualan, salasihijina nyaéta kasalahan ngalarapkeun kecap anu teu luyu jeung hartina atawa teu merenah

larapna, atawa disebut ogé kasalahan léksiko-semantik. Éta kasalahan téh kapanggih dina karangan narasi anu disusun ku siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014.

Niténan kana éta hal, bisa disebutkeun yén kaparigelan nulis téh kawilang bangga. Luyu jeung anu ditepikeun ku Iskandarwassid & Sunendar (2008, kc. 291), yén kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan panghéséna dibandingkeun jeung tilu kaparigelan lianna.

Dumasar kana éta hal, katitén yén nulis atawa ngarang téh merlukeun kamampuh anu kawilang cukul, utamana kamampuh dina ngalarapkeun ma'na kecap, ngolah kecap, sarta nyusun struktur kalimah anu bener tur merenah. Patalina jeung kasalahan dina ngalarapkeun kecap anu teu luyu jeung hartina (léksiko-semantik) téa, tangtu jadi bangbaluh pikeun siswa enggoning ngahontal kamampuh dina aspék nulis.

Saupama niténan panalungtikan anu aya, mémang geus aya nu nalungtik ngeunaan kasalahan basa, hususna kasalahan léksikal. Tapi panalungtikan ngeunaan kasalahan léksiko-semantik mah acan kungsi aya nu nalungtik. Panalungtikan ngeunaan kasalahan basa di antarana, "Interférénsi Léksikal Basa Indonésia kana Basa Sunda dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Ciawigebang Kab. Kuningan" (Teten Sutendi, 2010); "Analisis Kasalahan Léksikal dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Lembang Kabupaten Bandung Barat Taun Ajaran 2007/2008" (Yuyun Yunengsih, 2008); jeung "Interférénsi Basa Indonésia kana Basa Sunda dina Tulisan Otobiografi Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung" (Arif taufik R, 2013).

Tina sababaraha panalungtikan anu geus aya, mémang aya sasasaranana jeung ieu panalungtikan, nyaéta sarua nalungtik perkara léksikal. Tapi panalungtikan saméméhna mah medar ngeunaan gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme dina karangan déskripsi, sarta interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina otobiografi. Ari dina ieu panalungtikan mah nalungtik ngeunaan wanda kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi.

Nilik kana tinimbangan di luhur, panalungtikan nu judulna *Kasalahan Léksiko-Semantik dina Karangan Narasi Siswa Kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014*, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Kasalahan basa téh ngawengku kasalahan fonologis, éjahan, morfologis, sintaksis, jeung léksikal. Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan baris diwatesan, nyaéta maluruh perkara kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi anu ngawengku (1) kasalahan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda; (2) kasalahan struktur léksikal; sarta (3) interférénsi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Naon waé kasalahan léksiko-semantik anu kapanggih dina karangan narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014?
- b. Kumaha wanda kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan sacara umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh, tur ngadadarkeun kasalahan léksiko-semantik anu nyampak dina karangan narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun

- a. kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014; jeung
- b. wanda kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi siswa kelas VII-C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. ngalengkepan informasi ngeunaan élmu semantik;
- b. pikeun méré informasi ngeunaan élmu léksiko-semantik; jeung
- c. pikeun kamekaran élmu, bisa jadi sumber réferénsi pikeun mahasiswa dina nalungtik tata basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Anapon mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. pikeun guru, bisa jadi bahan évaluasi diajar-ngajar basa Sunda, utamana dina ngajarkeun kaparigelan nulis ngagunakeun basa Sunda anu bener tur merenah;
- b. pikeun siswa, bakal méré gambaran ngeunaan cara makéna basa Sunda anu bener tur merenah; jeung
- c. pikeun anu nalungtik, bisa ngeuyeuban wawasan jeung pangaweruh anu patali jeung élmu léksiko-semantik.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nyaéta: Bab I bubuka, ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan; Bab II ngeunaan ulikan tiori jeung anggapan dasar, anu eusina ngeunaan kasalahan basa, léksiko-

semantik, adegan pakecapan, harti jeung karangan narasi; Bab III ngeunaan métode panalungtikan, anu eusina ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan; Bab IV pedaran hasil tina panalungtikan, nyaéta ngeunaan wanda kasalahan léksiko-semantik dina karangan narasi; sarta dipungkas ku Bab V ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.